



# Ou ka kontribye nan prevansyon kansè kolorektal.

*You Can Help Prevent Colorectal Cancer – Haitian Creole*

Si ou gen 45 an oswa plis, ou ta dwe kòmanse fè tès depistaj pou kansè kolorektal.

Kansè kolorektal se youn nan kòz prensipal lanmò kay gason ak fanm, men li ka souvan prevni oswa detekte nan yon stad bonè, lè li piti epi li ka pi fasil pou trete, avèk tès depistaj regilye.

Prevansyon kansè kolorektal oswa depistaj li byen bonè pa oblije koute chè. Gen tès, adomisil senp, abòdab ki disponib. Pale ak founisè swen sante w sou ki sa ki ta ka meyè opsyon pou ou. Kèlkeswa tès ou chwazi an, sa ki pi enpòtan an se ke ou fè tès la.



Pou aprann plis, vizite sit entènèt American Cancer Society a nan [cancer.org](https://www.cancer.org) oswa rele nou nan **1-800-227-2345**. Nou la lè w bezwen nou.